

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif. Ari pamarekan kualitatif nyaéta panalungtikan pikeun manggih jeung ngagambarkeun sacara naratif kagiatan nu dilakukeun jeung dampak tina tindakan nu dilakukeun kana kahirupanana Erickson (dina Anggito & Setiawan, 2018). Panalungtikan kualitatif boga maksud pikeun maham kana fénoména nu kaalaman ku subjek panalungtikan misalna paripolah, persepsi, motivasi, tindakan, jrrd. Moleong (dina Septiadi, 2021). Ieu hal ogé ditegeskeun ku Sugiyono (dina Septiadi, 2021) yén panalungtikan kualitatif ngagunakeun desain nu sipatna umum, fleksibel, jeung mekar salila dina proses panalungtikan. Panalungtikan kualitatif mangrupa payung tina sagala rupa pamarekan panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik kahirupan sosial nu natural atawa alamiah. Dina ieu panalungtikan, informasi nu dipaluruh dianalisis sacara kualitatif (nonkuantitatif). Informasi bisa mangrupa transkrip hasil wawancara, catatan lapangan, dokumén jeung atawa bahan-bahan nu sipatna visual saperti foto, video, bahan tina internet atawa dokumén-dokumén séjén ngeunaan kahirupan manusa sacara individual tawa kelompok (Sugiyono, 2019)

Luyu jeung pamarekan kualitatif nu dipaké, dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif. Métode déskriptif kualitatif mangrupa istilah nu digunakeun dina panalungtikan kualitatif pikeun hiji kajian nu sipatna déskriptif. Ieu jenis panalungtikan umumna dipaké dina fénoménologi sosial (Polt & Beck dina Yuliani, 2018). Arikunto (dina Septiadi, 2021) nétélakeun panalungtikan déskriptif kur ngagambarkeun (ngadéskripsi) atawa nyuraham sakabéh fénoména nu timbul.

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif, perlu aya desain panalungtikan. Desain panalungtikan digunakeun sangkan kagiatan panalungtikanana bisa dilaksanakeun leuwih museur jeung bisa ditata. Desain panalungtikan salaku rarancang nu digunakeun ku panalungtik pikeun maluruh jeung meunangkeun data panalungtikan. Prosés desain panalungtikan didadarkeun ieu dihandap:

1. Ngaidéntifikasi jeung nangtukeun masalah ngeunaan wacana humoris dina akun *Instagram @uc____i*;
2. Ngaidéntifikasi variabel data wacana humoris dina akun *Instagram @uc____i*;
3. Nangtukeun téknik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data wacana humoris dina akun *Instagram @uc____i*;
4. Ngumpulkeun data panalungtikan ku cara transkripsi, jeung studi Pustaka;
5. Ngolah data panalungtikan wacana humoris dina akun *Instagram @uc____i*;
6. Ngalaporkeun data hasil panalungtikan wacana humoris dina akun *Instagram @uc____i*.

Desain panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3. 1

Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah-kalimah paguneman nu aya dina wacana humoris. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta akun kontén *Instagram*. Nu jadi dadasar *Instagram* dipilih jadi sumber data lantaran mangrupa média sosial nu geus loba digunakeun ku masarakat. Alesan konten *reels Instagram* @uc____i konténna loba ngagunakeun basa Sunda jeung eusina pikalucueun atawa bodor nu loba dipikaresep ku masarakat buktina nu *ngafollow* ieu akun aya 454 rébu. Sumber data panalungtikan dimeunangkeun ngaliwatan transkrip video nu diapungkeun akun @uc____i salila 2023. Dina data kapanggih aya 119 video, kulantaran kawatesanan waktu, tanaga, jeung biaya, panalungtik ngagunakeun sampel data. Sampel nyaéta jumlah leutik nu aya dina populasi nu dianggap bisa ngawakilan (Sugiyono dina Amin spk., 2023). Panalungtik nangtukeun ngan video nu diapungkeun dina tanggal ganjil salila taun 2023 nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta aya 60 video.

Di handap ieu mangrupa tabél sumber data panalungtikan.

Tabél 3. 1

Sumber Data Panalungtikan

No.	Judul	Link	Waktu Medal
1.	Marimar Gaduh Buah Balingbig	https://shorturl.at/ltyS7	5 Januari 2023
2.	Mang Eman	https://shorturl.at/fkKOY	9 Januari 2023
3.	Cara Nyanghareupan Tatangga Julid	https://shorturl.at/fyYZ4	11 Januari 2023
4.	Nasihat Ti Marimar	https://shorturl.at/kyLV9	13 Januari 2023
5.	Meuli Ubar	https://shorturl.at/bgIJZ	17 Januari 2023
6.	Mesin Cuci Kotor	https://rb.gy/4200mn	27 Januari 2023
7.	Péso Seukeut	https://s.id/25bqA	3 Februari 2023
8.	<i>Sundanese Death Metal</i>	https://s.id/25bqQ	5 Februari 2023
9.	Hésé Mayar Hutang	https://s.id/25br0	9 Februari 2023

Dede Farhan Mubarak, 2024

ANALISIS WACANA HUMORIS DINA KONTÉN REELS AKUN INSTAGRAM @uc____i (ULIKAN PRAGMATIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

10.	<i>Story of Jurig: Semasa Hirup</i>	https://s.id/25brf	11 Februari 2023
11.	Maké Emas	https://s.id/25brw	17 Februari 2023
12.	Buru-buru	https://s.id/25bs9	25 Februari
13.	Skincare Marimar	https://rb.gy/0f0mf7	1 Maret 2023
14.	POV: Puasa Hari Pertama	https://rb.gy/tgdid9	7 Maret 2023
15.	Si Halimah	https://rb.gy/hfyrkj	9 Maret 2023
16.	Mihapé Popoéan	https://rb.gy/cmlyc0	15 Maret 2023
17.	Ceu Enur	https://s.id/24q7n	19 Maret 2023
18.	Bukber	https://s.id/24q7K	21 Maret 2023
19.	Jurig Bulan Puasa	https://s.id/24q89	25 Maret 2023
20.	Hayang Beunghar	https://s.id/24q8v	27 Maret 2023
21.	Tatangga Modél Kitu	https://s.id/25bsA	1 April 2023
22.	Meuli LKS	https://s.id/25bsQ	9 April 2023
23.	THR	https://s.id/25bt2	11 April 2023
24.	Dangdan	https://s.id/25btg	13 April 2023
25.	Cung!	https://s.id/24q8X	9 Mei 2023
26.	Diputuskeun Si Rohim	https://s.id/24q9I	13 Mei 2023
27.	Mikiran Pangabutuh	https://s.id/24qac	17 Mei 2023
28.	Can Dahar	https://s.id/24qbg	27 Mei 2023
29.	Sesungguhnya	https://s.id/24qbH	27 Mei 2023
30.	Pencairan BLT	https://s.id/25btK	3 Juni 2023
31.	Taat lalu Lintas	https://s.id/25bu4	11 Juni 2023
32.	Babanda	https://s.id/25buu	15 Juni 2023
33.	Pelengkap Hidup	https://s.id/25buO	23 Juni 2023
34.	Teu Kabagéan Daging Qurban	https://s.id/25buZ	29 Juni 2023
35.	Ginding	https://s.id/24qcw	3 Juli 2023
36.	Syukuran	https://s.id/24qdg	7 Juli 2023
37.	Kabalinger	https://s.id/24qdO	15 Juli 2023
38.	Bantal Buluk	https://s.id/24qeg	21 Juli 2023
39.	Hayang <i>Skincare</i>	https://s.id/25bvq	1 Agustus 2023
40.	Leuwih Serem ti Jurig	https://s.id/25bvG	17 Agustus 2023
41.	Hanas ku Hanas	https://s.id/25bvX	21 Agustus 2023
42.	Boros	https://s.id/25bwe	23 Agustus
43.	Loba Kahayang	https://s.id/25bx3	29 Agustus 2023
44.	Tukang Kiridit	https://s.id/24qeV	1 September 2023
45.	Bau Hitut	https://s.id/25bpe	5 September 2023
46.	Nasihat ti Marimar	https://s.id/25bpv	17 September 2023
47.	Haji Sanusi	https://s.id/25bxq	1 Oktober 2023
48.	Rarudet	https://s.id/25bxO	21 Oktober 2023

49.	Cita-cita	https://s.id/25by9	25 Oktober 2023
50.	Marimar Sunda	https://s.id/25bq5	3 November 2023
51.	Bapak na	https://s.id/24qgI	21 November 2023
52.	Hag Siah Sarua Jiga Motor	https://s.id/25bqi	23 November 2023
53.	Perkara Duit	https://s.id/24qh7	27 November 2023
54.	Bijak dina Milih	https://s.id/25byU	3 Desember 2023
55.	Talété	https://s.id/25bzi	15 Desember 2023
56.	Ema Galau	https://s.id/25bzB	21 Desember 2023
57.	Ngojég	https://s.id/25bzP	23 Desember 2023
58.	Sarua Jeung Babaturan Ema	https://s.id/25bAa	25 Desember 2023
59.	Lari Pagi	https://s.id/25bAm	27 Desember 2023
60.	<i>Headset</i>	https://s.id/25bAH	31 Desember 2023

3.3 Téhnik Ngumpulkeun data

Ngumpulkeun data mangrupa tahapan nu penting dina proses panalungtikan. Stratégi digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu bisa diandelkeun jeung objéktif (Heriana & Asnawi, 2023). Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, ngagunakeun téhnik dokuméntasi. Di handap ieu diguar langkah-léngkah proses ngumpulkeun data.

1. Ngaregepkeun video dina kontén *reels*.
2. Ngalakukeun transkripsi tina wangun lisan kana tulisan.
3. Méré kode polah ucap humoris nu geus ditulis.
4. Nyalin polah ucap humoris nu aya dina wangun tulisan kana kartu data digital.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumen nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta format analisis saperti ieu di handap.

Tabél 3. 2

Data Wacana Humoris

No. Data	Paguneman Wacana Humoris	Kode Data
(01)		J/V/WM

Keterangan :

J : Judul

V : Video ka-

W : Waktu Medal

Tabél 3. 3

Papasingan Data Wanda Polah Ucaphumoris

No.	No. Data	Paguneman Wanda Polah Ucaphumoris	Kode Data
1.	(01)		J/V/WM

Keterangan :

J : Judul

V : Video ka-

W : Waktu Medal

Tabél 3. 4

Prinsip Polah Ucaphumoris

No.	No. Data	Paguneman Prinsip Polah Ucaphumoris	Kode Data
1.	(01)		J/V/WM

Keterangan :

J : Judul

V : Video ka-

W : Waktu Medal

Tabél 3. 5

Papasingan Fungsi Polah Ucaphumoris

No.	No. Data	Paguneman Fungsi Polah Ucaphumoris	Kode Data
1.	(01)		J/V/WM

Keterangan :

J : Judul

V : Video ka-

W : Waktu Medal

Tabél 3. 6

Papasingan Data Daya Humoris

No.	No. Data	Paguneman Daya Humoris	Kode Data

1.	(01)	J/V/WM
----	------	--------

Keterangan :

J : Judul

V : Video ka-

W : Waktu Medal

3.5 Téhnik Ngolah Data

Puseur analisis dina ieu panalungtikan nyaéta wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris, fungsi polah ucap humoris, jeung daya humoris. *Content analysis* digunakeun pikeun nyieun papasingan lambang-lambang nu digunakeun dina komunikasi, ngagunakeun kritéria dina nyieun papasingan. Dina nganalisis data digunakeun teknik analisis unsur langsung (*immediate constituent analysis*) dina nangtukeun kacindekan. Ari léngkah-léngkah dina ngolah datana saperti ieu di handap.

1. Mariksa deui data nu geus dikumpulkeun
2. Nganalisis data wacana humoris dumasar kana wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris, fungsi polah ucap humoris, jeung daya humoris dina kontén *reels* akun *Instagram @uc_____i*
3. Nyieun papasingan data wacana luyu jeung wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris, fungsi polah ucap humoris, jeung daya humoris dina kontén *reels* akun *Instagram @uc_____i*
4. Ngadéskripsikeun hasil tina nganalisis data wacana dumasar wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris, fungsi polah ucap humoris, jeung daya humoris dina kontén *reels* akun *Instagram @uc_____i*
5. Nafsirkeunn wacana humoris dumasar kana wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris, fungsi polah ucap humoris, jeung daya humoris dina kontén *reels* akun *Instagram @uc_____i*
6. Nyieun kacindekan ngeunaan wacana humoris dina kontén *reels* akun *Instagram @uc_____i*.